



Anbasad Ayiti nan Kanada enfòm kominote a ak piblik la an jeneral, an rezon evolisyon pandemi Kovid-19 la epi nan respè mezi sante piblik pwovens Ontario mete an plas, piblik la pap ka antre anndan lokal Misyon an nan jou k ap vini yo.

Mezi sa, ki komanse jounen 5 janvye a, ap rete an plas jiska nouvèl òd.

Sèvis anbasad la ap disponib a distans sèlman. Si gen sitiyasyon ki mande prezans fizik, yo ap trete sou randevou ki ap pran nan telefòn (613-796-4718, 613-238-1628) oswa nan imèl [info@ambassade-haiti.ca](mailto:info@ambassade-haiti.ca), [consulaire@ambassade-haiti.ca](mailto:consulaire@ambassade-haiti.ca), [culture.educ@ambassade-haiti.ca](mailto:culture.educ@ambassade-haiti.ca)

Anbasad la ankouraje chak moun pou pwoteje tèt yo epi respekte tout konsiy ki ap ede ralanti pwpoagasyon varyan Omicron Covid-19 la.

Ottawa, 5 janvye 2022